Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 3 октябрь Рузман №47 (78117) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

5 октябрь- учителасул Къо

## Районалъул бетIерасул барки

ХIурматиял учительзаби!

5 октябралда нилъер улкаялда кIодо гьабизе буго учителасул махщалилаб байрам.

Учителасул къо-гьеб ккола махщалилал байрамазул бищунго машгьураб ва бокьулеб. МугIалимлъи -гьеб ккола кIудияб жавабчилъи бугеб хIалтIи. ЗахIматаб буго нужер хIалтIуе къимат кьезе. Нужеца гIун бачIунеб гIелалъе кьолеб тарбия-лъаялда бараб буго нилъер улкаялъул хадубккунисебги. Нужеца хIалтIулъ лъолеб къуваталъул хIисаб гьабидал, цо-цо мехалъ ракIалде ккола нужер заманго букIунеб батиларин гIагарлъиялъухъе щвезе ва гьезие кIвар кьезе.

Жакъа учителасул захIмат бащалъула бахIарчилъиялда, гIаданлъиялъул рахъалъ гьеб кидаго букIана къиматалда. Дун божарав вуго нужер махщалида, гьеб нужеца бихьизабула сонайил районалъул ва республикаялъул олимпиадабазда ва конкурсазда.

ТIаде бачIунеб нужер профессионаляб байрамги баркулаго, бокьун буго нужее гьаризе щулияб сахлъи, рохел, талихI, сабру, гьабулеб ишалъулъ икъбал ва битIккей.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## С Днём учителя

Уважаемые учителя, работники сферы образования и ветераны педагогического труда, от всего сердца поздравляю вас с Днём учителя!

Учитель испокон веков является в обществе человеком самым почитаемым и уважаемым. К нему обращаются за умными советами в поиске ответов на трудные вопросы, у него черпают знания и готовы излить ему душу. И настоящий педагог всегда готов прийти на помощь.




Учителя нашего района всегда высоко держали свою профессиональную планку, успешно шли и продолжают идти в ногу со временем, внедряя инновационные образовательные технологии, постоянно работают над повышением качества образования, сохраняют престиж профессии.

Уважаемые педагоги, примите самые тёплые поздравления с Днём учителя! Желаем всем представителям этой славной профессии здоровья, счастья, бодрости духа и жизненных сил, постоянного движения вперёд, достатка и уверенности в завтрашнем дне, семейного благополучия, одарённых и благодарных учеников, которые будут всегда радовать вас своими победами и достижениями. Пусть тепло души, которое вы щедро отдаёте детям, возвращается к вам здоровьем, счастьем и энергией для новых благородных свершений во имя будущего нашего района и всей страны!

**М-Х. Ахмедов**, и.о.начальника управления образования

Лъимал-нилъер букIинесеб

## Лъималазул сахлъи-эбел-инсул рохел

*Бищун кIудияб бечелъи - гIакълу,*
*Бищун кIудияб язихълъи - лъавукълъи*

Гьал къояз Агъвали маданиялъул КIалгIаялда тIобитIана



районалъулго умумузул собрание. Лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъиялъ тIобитIараб гьеб данделъи ккана лъималазе тарбиягун лъайкьеялъул ва гьезул сахлъи цIуниялъул суалал гьоркьор лъураб кIвар бугеб тадбирлъун.

Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, Роспотребнадзоралъул Болъихъ бугеб отделалъул нухмалъулев АхIмад Сакъидибиров ва районалъул имамзабазул Советалъул председатель Абубакар Абубакаров.

Аслияб куцалда гьениб тIадчIей гьабуна лъималазул сахлъи цIуниялъул суалалда тIад.

Гьаб ахираб заманалда нилъер районалда рахIатхвараблъун ккола суал лъималазул сахлъи цIуниялъе гIоло гьарулел профилактикиял тадбиразде данде умумуз инкар гьабиялъул суал. Гьелъул хIасилалда школазда дарсаздаса ва детсадаздаса нахъе гьарулел руго лъимал.

Гьеб суалалъул хIакъалъулъ цебе-цебеги хъван букIана газеталда, тIоритIун рукIана данделъаби, амма цо-цо эбел-инсуе кинго бичIчIулеб гьечIо сундуе гIоло прививкаби гьарулеллъи.

Гьеб суалалда тIасан кIалъазе рахъана райадминистрациялъул



бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахIидов, районалъул имамзабазул Советалъул председатель Абубакар Абубакаров, Агъвали гимназиялъул умумузул комитеталъул нухмалъулев Шамил Бадрудинов, Роспотребнадзоралъул Болъихъ бугеб отделалъул нухмалъулев АхIмад Сакъидибиров, райбольницаялъул врач-эпидемиолог МухIамад МухIамадкеримов, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад-ХIабиб АхIмадов, райбольницаялъул врач-гигиенист Хадижат Жамалудинова.

Гьел киназго бицана рахунел унтабазде данде прививкаби нилъерго лъимал цIуни мурадалда гьарулел рукIин. Бицана гIадамазул бичIчIи гьечIолъиялъ ва лъавукълъиялъ метерисеб къоялъ лъимер инвалидлъиялде ккезе бегьиялъул, гьединал мисалал нилъер гIумруялда гIемер ккеялъул. Цебе школазда кинабгIаги инкар гьечIого гьарулаан прививкаби, гьанже щиб ккараб, сунца гьелде рачунел ругел?

Нилъеда лъазе ккола прививкаби нилъерго лъималазул сахлъи цIуниялъе гьарулел рукIин. Бегьиларо гьедигIанго лъавукъаллъун рукIине.

Осенний призыв-2025

## Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу

С 1 октября 2025 г. начинается осенняя призывная компания и продлится до 31 декабря 2025 года. Согласно пункту 1 статьи 38 ФЗ-53 “О воинской обязанности и военной службы”, неизменный срок срочной военной службы в армии - ровно один календарный год, то есть 12 месяцев. Военнослужащие срочной службы не привлекаются в зону проведения СВО.

Нововведение этого года и одна из важных особенностей весеннего призыва в 2025 году - электронный реестр призывников. Он содержит персональные данные всех поставленных на воинский учет людей.

Появились электронные повестки для оповещения граждан. Они направляются военнообязанным через “Госуслуги”, при этом бумажные повестки не отменяются.

Важно: ст. 31 ФЗ-53 «О воинской обязанности и военной службы». Гражданин, подлежащий призыву на военную службу (граждане от 18 до 30 лет), не получивший повестку военного комиссариата в период проведения призыва на военную службу, в двухнедельный срок со дня начала следующего периода проведения призыва на военную службу, обязан лично явиться в военный комиссариат для сверки данных воинского учета. Неявка в военный комиссариат в установленный законом срок влечет за собой административную ответственность.

**М. Расулов**, военный комиссар района
тел. 8 988 271-69-10

Гара-чIвари

# Загьид Загьидов: ХIалтIи тIагIуна, гьабичIого тараб мехалъ

-Валлагь, Хадижат, цо-цо нухалъни нуж, редакциялъулалги, рекIеда ратизаризе кколел руго. Унгоги бихьичIогунищ, яги ургъунго бихьизе бокьичIогойищ, лъица бугониги бихьизабилин, бицилин ракIалдеги ккун?-абун ахIун бачIана «хасалил гуребги, хасалихълъиялъулги бугин гIураб



берцинлъиян» сверухъ ругел, исана цудунго тIогьиллъизе байбихьарал гьутIбуздеги балагьун, пикрабалъ йосарай дир пикраби-анищалги рихха-хичизарун, цо къоялъ телалъ дихъе «Агъвали росдал хIурматияв гражданин» абун дица жиндие цIар кьурав агъвалисес, я «йорчIами», я «салам» гьечIого, абухъего, оцол лъльар ккевзе хиялгун. ЦIар бицичIого телин, хадусала жиндирго хIакъалъулъ макъала хъвазегIан…

**-Щиб ккараб, хIурматияв? Дун, редакциялдани кий гурин, Агъвалицин гьечIей гIаданалда щиб бихьизе бокьун букIараб дуе?**

-Вааа, гьедин батани, тIаса лъугьа, гIайиб гьечIо. Дирго рохел гIахьал гьабизе бокьун букIана: гIагараб дир Агъвали росулъ къватI хутIун батиларин ккола росдал бегавул Загьид Загьидовасул нухмалъиялда гьоркь бетон тIун, къачIачIеб. Бокьун букIана агъвалисезул цIаралдаса баркала загьир гьабизе Загьидие ва гьеб, баркалаги кириги цIикIкIараб, ишалъулъ дагьабниги бутIа лъурал, гIахьаллъи гьабурал гIадамазе. (Гьединги абун, гьес дие цIалана кочIол мухьал).

-Баркала, хIурматияв. РагIи кьола, дуца гIадин, кочIодалъун, пасихIго, бегIерго гьечIониги, дур ва тIолго агъвалисезул рахъалдаса баркалаги загьир гьабизе районалъул казият гьоркьобккун ва дагьабго гара-чIвари Загьидилгунги гьабун, гьитIинабго макъала казияталдаги бахъизе...

Абула шагьранухал гIумрудул бидурихьал кколин кIиго дунялалъулгун хурхен бугелан. Щибха гьеб мехалъ кколел къватIал? ГIатIидал шагьранухал гурел, росдал къваридал къватIал. Гьелгиха гьелго гIумрудул бидурихьал, бищун гIагардасел гIадамазухъе -гIагарлъигун мадугьаллъиялъухъе галаби жиндасан тIамулел. Жакъаялдаса цо анцIго-къого соналъ цебеги росабалъ къватIал цIад бани -хIарщалъ цIун, бакъ боркьани - хIурулъ тIерхьун рукIунаан, жакъайин абуни, къойидаса къойиде цIикIкIунеб буго гьел къачIаялде кьолеб кIвар. Цояз хьил тIун, цогидаз бетон тIунщивас жидер ресалда рекъон, къачIалел руго гьел ва кватIичIого тарихалде ине ратила хIарщги хIургиян ккола ракIалде. Кириги баркалаги цIикIкIараб букIинчIебани, бегьизабизе букIун батилароан хирияб мажгит бихххунги, нухал къачIазе санагIатал ратизе. Гьеб киналъулго пикру гьабуна ва дирго гIагараб росу цебечIезабуна хьил тIурал цIвакулел, рацIцIадал, къватIалгун. Хинаб асар кьолеб букIана рекIее гьеб сураталъ.

Щив кколев гьеб иш кодосев, лъил тIоцебе пикру бижараб къватIал къачIазе, чан къватI «бохачIухIизабураб» Агъвали? Гьел ва цогидалги суалал кьун, З.Загьидовасулгун дагьабго гара-чIвари гьабизе пикру ккана.

**-Загьид, тIоцебесеб иргаялда, ракI-ракIалъулаб баркала тIолго агъвалисезул рахъалдаса цIигьарурал къватIазухъ, гIадамазул рохалил асаралъухъ. Аллагьас кири кIодо гьабеги, хаду-хадубккунги гьединал, халкъалъул разилъи цIикIкIарал ишал гьари-тIураялда тIад ургъа-хIалтIизе къуват, тавпикъ кьеги. Чан къватI къачIараб?**

-Баркала, амин Аллагь. Бетон, хьил тIей бигьаяб иш кколаро. Гьелъул буго халатаб рахас: къватI-нух битIа-бишизабун, хIадурилдаса байбихьун, бетон-хьил щулалъиялъе михир бачиялде щун. Щибалъулги букIуна жинди-жиндир норматив салулгун бетоналъул, лъел ва гь.ц. Заманаги хIалтIиги гIемераб иш букIаниги, хIасилалдаса киналго: нухлулалги, автотранспорт бачунел шоферзабиги разияб хIалтIи бугоха гьеб. Берцинлъи гуребги, гIумруялъе хIинкъигьечIолъиги цIикIкIуна гьединал къватIазда.

-КъачIана, гIаммаб къадаралда I868,5 квадратияб метр жанибе бачараб ункъо къватI. Гьел ккола нухазул фондалдаса харжалги гьарун къачIарал Насибил коло, Мельничная, Школьная ва МухIамад ХIусеновасул цIаралда ругел къватIал. Агъвали росдал администрациялъул харжаздаса къачIана Имам Шамилил ва Цумадинская къватIал. Автотранспорталъул налог цIикIкIун кьунагIан, нухазул фондалъе цIикIкIун сурсатал ричалебльи бичIчIулеб буго шоферзаби-районцояздаги. Баркала росдал гIолохъабазе. Жидерго къватIал гурелги, цогидалги къачIазе рахъана гьел къватIире. ГIуцIана квен-тIехги, тепсиги. Къо ккедал, чармил хIубал гIадин, ратулел ракьцояздаса вохарав ва чIухIарав вуго дун. ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIулин абухъего, гIолохъабаз Аллагьасе гIоло нигаталда гьабизе тIаде босараб хIалтIул хIасил жакъа нилъеда цебе буго. Дун ва цогидалги росу-районцоял гIадин, гьабураб кумекалдасагун садакъаялдаса Аллагьги разилъаги гьездаса. Щиб суал цебе лъун вахъаниги, жидерго пикруги загьир гьабула, пикруги дандбала ва, кьурулъ чIвараб магI гIадин, хIажалъи ккаралъур рахъунги чIола гIолохъаби.

Баркала гьединго районалъул бетIер Шамил ГIумаровасеги, щиб суалгун дун аскIове вачIаниги, мурад тIубан гурони, дун нахъе виччаларев. Гьесги кидаго рахъ ккола, жиндирго пикру загьир гьабула гьоркьоб лъун, халгьабулеб суалалъул.

КIвар цIикIкIараб цоги суал буго нилъер: ришни-кьул. Щибаб гьатIанкъоялъ бачIуна машина, бакIарула ришни-кьул. Цогидал къояз гIадамаз рошнокъалазухъе щвезабула жидецаго ришни. РукIана гIарзал гьел рикIкIада лъунилан. ЛъечIогоги тIубалел гьечIо, санитариял тIалабал цIунизе ккани: школалдаги, лъималазул ахалдаги аскIор гьел кинго данде ккоаро, рахунел инфекционниял унтабаз унтизе рес буго, хасго лъималазухъе.

**-Абухъего, бакI ккун букIадго, борхани бокьилаан лъел суалги…**

-Лъел суалги бажарухъе рукIкIалида чIезабизе хIаракат бахъулаха. Камуларо цо-цо малъкъосарал, гIорхъолъан рорчIарал ишалги, долго, тIадехун бицен гьабурал гIолохъаби-агъвалисез хIаракат бахъула кумекалъе рахъунчIун, рогIороби къачIан, рацIцIун, ккараб гьая битIизабун, лъим гьоркьоса къотIи гьечIого чIезабизе…

Дун хIадур вуго жидерго пикрабиги загьир гьарун рачIаразухъ гIенеккизеги, росуцоялгун вахъунчIун, росдал халкъалъул тIалабал тIураялда, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялда тIад хIалтIизеги.Райцентралда гьабизе хIалтIи жеги гIемер буго, хIалтIи тIагIуна, гьабичIого тараб мехалъ.

Абулеб рагIана БетIер-вукIа гьев росдал, районалъул яги республикаялъул, кколин хъулухъчи, бетIерлъи-хъулухъчилъийилан. Мун лъалаго унев вуго бетIерлъи-хIакимлъиялде, хъулухъчилъиялде. ХIаким вугин гIамал кIодолъичIого, тIаде босараб хъулухъчилъи дагьабниги харжги хIалаллъулеб, Аллагьги разияб хIалалда гьабизе щвани, АлхIамдулиллагьан вукIине ккела гIадамил инсан. Божи буго, гьеб куцалда хадувккунги хIалтIизе рес щвелин абун. Баркала нужее, газеталъулазе, ниж ракIалде щун, хIалтIи бихьизабизе кьолеб кIвараллъухъ ва халкъалъухъе щвезабиялъухъ ва дов, кинго дуца бицен гьабичIев, «тIатинавичIев» агъвалисесеги, нижер хIалтIуе кьураб кьиматалъухъ.



**Хадижат Залимханова**

*5 октябралда Россияда кIодо гьабула мугIалимасул Къо.*

# Школа - гьеб ккола директорасул гIумру

Болъабазул хIокIазул цоялъ тIаде вахарав Муслим МухIамадовичас живго нахъе аниги, берзукьа борчIизе биччачIо гIагараб школа,-ян гьимана лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова, жиндир хIалтIухъан МухIамад МухIамадкеримов школалъул директорлъун тIамиялъул бицунаго.



-ЦIияб школалъе-цIияв нухмалъулев,-абун ракIалде ккана Гьигьалъ росдал гьоркьохъеб школалда ккарал хиса-басиязул пикру гьабулаго. ТIадегIанаб даражадул махщалилав - нухмалъулев Муслим ВахIидовасда ва коллективалда лъикI лъалеб ва бичIчIулеб букIана лъихъе «ирсалъе» жидеца школаги коллективги кьолеб бугебали. Гьедин, жакъаялдаса щуго соналъ цеве вачIана МухIамад ТIалхIатович Гьигьалъ росдал гьоркьохъеб школалъе нухмалъи гьабизе. ХIасилал рачине гIураб заманаги ун бугелъул, пикру ккана мугIалимасул махщалилаб байрамги баркун, гьевгун дагьабго гарачIвари гьабизе.

-Россиялда 5 октябралда кIодо гьабула мугIалимасул махщалилаб байрам. Дуда ва дур коллективалда ракI-ракIалъ баркула махщалилаб байрам, гьарула ракълилаб зобалда гьоркь щулияб сахлъигун гIун бачIунеб гIелалъе тарбиягун лъай кьеялда тIад хIалтIизе тавпикъгун икъбал.

**ХIасилал рачине жеги цудунго бугониги, кинаб хIадурлъигун гьелда дандчIвай гьабулеб бугеб?**

-Школалъул коллективалда цебе лъун буго рухIиябгун моралияб къиматалъул кьучIалда инсан куцай, напс цIунун хьвада-чIвадизе малъи ва гъваридаб лъай кьезе, гIагараб ракьалде рокьи куцазе, патриотизм чорхолъ бесси, къануназул тIалабал цIунун хьвада-чIвадизе малъи, улкаялъул бахIарзазул бахIарчилъиялъул къимат гьабизе малъи.

Щибаб итни къо байбихьула пачалихъияб Гимнги ахIун, байрахъ борхиялдаса ва «Разговоры о важном» абураб дарсидаса.

**-Бокьилаан мугIалимасул хIалтIул хIакъалъулъ дурго пикру загьир гьабизе.**

Жакъаялдаса къого соналъ цеве хIалтIарав мугIалимасул къадру-къимат борхатго букIана я хIукуматалъул, я цIалдохъабазулгун умумузул рахъалъ. Учительлъун вукIиналъул кинал тIокIлъаби рукIинел жакъа, гьабулеб хIалтIухъ балагьунцин харжалъул рахъалъ мукъсанлъизарулелги рукIадго, дарсал щу-щу минуталъ къокълъизариялъ, щуго къоялъул цIалиялде рачIиналъ? Жакъа мугIалимзабаздаса тIалаб гьабулеб буго кагътил ва интернеталда цIех-рехал, тестирование ва цогидалги дарсие пайда жидедаса гьечIеб цогидабги гIемераб хIалтIи. Гьалъул фотоотчет, долъул видеоотчет, отчет, отчет, къо гьоркьобтун хIисабкьеял. Суртидаги кагътидаги гьабулеб хIалтIи гIемерлъун буго доскаялдагун тетрадазда гьабулелдаса. Гьелъул хIасилалда, дир пикруялда, цIалдохъабигун гьабулеб хIалтIудаса мугIалимзаби рикIкIалъулел руго. МугIалимас заман батизе ккола цIалдохъабигун хIалтIизе. Заманаги методикаги хисулеб бугин абула. Буго, хисулеб буго жамгIиятги, гьелдаго цадахъ хисулеб буго гIолохъанаб гIелги. ГIолохъанал мугIалимзабазда бичIчIизе ккола жидее хIажат букIин гIун бачIунеб гIелалда хадур гьезе. Гьанже гIемер абулеб буго заманаги гIун бачIунеб гIелги квешлъун бугин. Фаина Раневскаялъул руго гьадинал рагIаби: «Дида цебе лъалаан гьезул суалазе жавабал кьезе, амма жакъа дида бичIчIулебцин гьечIо гьез гьикъулеб жо». Гьелъухъего, дие бокьилаан гIолохъанал учительзабиги замана бихьун хьвадизе. ХIалбихьи цIикIкIарал мугIалимзабаздаги бичIчIизе ккела жакъасеб гIел, батизе ккела гIаммаб мацI. ЦIалдохъабиги цIализе ккола, тIоцебесеб иргаялда. КигIанго бокьичIониги, къойидаса къойиде тIаса гьоркье ани гурони, лъайкьеялъул министерствоялъул «цIилъабаздаса» палгъан хутIулел руго чанги нухалъ.

**-МухIамад ТIалхIатович, мунго мугIалимлъун вахъине кида пикру ккараб, лъил мисал босараб?**

-Лъимерлъудасанго. Дирго мугIалимзабаздаса мисал босун. Дол соназ мугIалим вукIана багьадурасда ващадавги, сундулъго мисаллъунги рикIкIунев, къадру-къимат бугев чи. КигIанго бокьичIониги, къойидаса къойиде къунеб буго мугIалимасул къадру-къимат.

**-Кинавха вукIине кколев лъикIав мугIалим?**

-ТIоцебесеб иргаялда, лъималги жиндирго хIалтIиги бокьулевлъун. Лъималаз гьитIинго жидерго мугIалимзабаздехун бугеб рокьиялъ тIаса бищулеб батани мугIалимлъиялъул махщел, кIудиял гIедал лъималазде бугеб рокьиялъ цIала гьел гьитIинго тIаса бищараб махщел босизе, тIалаб гьабизе. Лъималазда бичIчIула дуе жал рокьулеблъи яги рокьунгутIи. Лъазе ккола жиндирго предметги, хIалтIизе ккола махщел камиллъиялда тIадги. ЦIали, лъай, цIаларабгун лъарабщинаб гIун бачIунеб гIелалъухъе кьей, хIалбихьи цIикIкIараз гIолохъанал специалистазе гIахьал гьаби. Гьеле аслиял шартIал, дир пикруялъ.

Школалъул директорасеги хIажалъула махщел камилал, жидедаго тIадчIун хIалтIулел, цIалдохъабазулгун ва гьезул эбел-инсулгун гIаммаб мацI батизе ва церечIарал масъалаби тIуразе бажарулел специалистал. Гьединго кIвар буго тIалабчилъигун жавабчилъиялъулги, пишацоясе кумекалъе ватиялъулги.

**-Росдал общественнияб гIумруялъулъ дур кинаб гIахьаллъи?**

-Гьал ахирал рищиязда дун вищана росдал Собраниялъул депутатлъун, гьединго вищун вукIана цебесеб ахIиялъул районалъул Собраниялъул депутатлъунги. Росдал гIаммал ишазе дица кидаго батула заман, ва бажарарб хIалтIиги гьабула. Школалда букIа, росулъ букIа, гьабулеб хIалтIи дандбала росдал администрациялъул бетIергун.

**--Школалъул директор. Гьев щив кколев?**

- Школа директорасул гIумру кколин абуни, дун мекъи ккеларо. Щибаб къо директорас байбихьула школалъул кIалтIуялдаса. ДандчIвала цIалдохъабигун, мугIаимзабигун, хадуб хIалтIи байбихьула кагътазул гъуниялдаса, хехлъи гьабун тIуразе кколел административиял ишаздаса. Школалъул директор ккола школалъул хIалтIул гIуцIиялъул жавабчилъи тIаде босарав административияв нухмалъулев. Гьес жаваб кьола лъайкьеялъул процессалъул, кадровиялгун финансазул ва экономикиял суалазул. Гьединго директорас жаваб кьола лъай кьеялъул хIалтIулъ къанунал цIуниялъул, хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул, эбел-инсулгун ва жамгIияталъулгун цадахърекъон хIалтIи гьабиялъул ва гьезулгун тIей гьечIеб бухьен чIезабиялъул.

Школалъул директор хIисабалда гIемераб анищ гьабизе бегьула, амма анищазул аслиял рахъал, гIадат хIисабалда, хурхарал рукIуна лъайкьеялъул даража борхизабиялда сверухъ.

**-Щиб абилеб, гьарилеб цIалдохъабазегун мугIалимзабазе?**

-ЦIалул цIияб сон байбихьаралдасаги моцI гурони ун гьечIелъул, баркила кIиябго байрам- цIияб цIалул сон ва тIаде щолеб мугIалимасул къо. Жакъа гIолилазда жидерго кьалбалги, рахьдал мацIги, миллияб хаслъиги кIочон толеб бугеб заманалда гIемераб буго мугIалимасда бараб. Гьарула ватIанги, миллатги, мацIги, тарихги лъалеб гIел куцазе гьезие щулияб сахлъи, сахаб гIумру, талихI ва ракълилаб зоб.

Баркала гьезие кIвахI тараб хIалтIухъ, лъималазде бугеб рокьи-хинлъиялъухъ.

**Хадижат Залимханова**

# Талантливый учитель

Эти слова в полной мере можно отнести к учителю истории и обществоведения Агвалинской гимназии Абдулаевой Патимат Магомедовне.

После окончания в 2001году Дагестанского государственного педагогического университета Абдулаева Патимат Магомедовна вернулась в родной район, и вот уже более 24 лет работает учителем истории и обществознания в Агвалинской гимнази имени Кади Абакарова.



В жизни каждого человека есть люди, которые оказывают заметное влияние на формирование его характера и мировоззрения. Особенно счастлив тот, кому встретился учитель, умеющий принести в класс увлеченность, любовь и, конечно же, знания, освещенные этой любовью. Сегодня искренние слова уважения, любви, тёплые поздравления и пожелания коллег, друзей и учеников -в профессиональныйпраздник Патимат Магомедовне.

За годы своей работы в гимназии Патимат Магомедовна накопила богатый опыт, которым постоянно делится с молодым учителями гимназии. Через её руки, ум и сердце прошли сотни детей. Три полных выпуска из школы провела Патимат Магомедовна. Для многих из них она стала не просто учителем, а второй мамой. Строгая, требовательная, но вместе с тем чуткая и душевная, она находит «ключик» к сердцу каждого ученика. Опытный учитель, настоящий профессионал, мудрый, талантливый педагог, учитель по призванию, до глубины души преданный своему делу. Её отличают прекрасные душевные качества: любовь к детям, своей профессии, честность, принципиальность, готовность всегда прийти на помощь.

Коллеги по работе говорят о Патимат Магомедовне: «Учитель-профессионал, друг и вдохновитель».

Ученики Патимат Магомедовны всегда участвуют в районных и республиканских олимпиадах занимали и занимают призовые места на районных и республиканских олимпиадах по истории и краеведению, занимают призовые места.

Абдулаева П.М. руководит ТОКС, вместе с учащимися принимает участие в телевизионной игре «Умники и умницы». Награждена юбилейной медалью «50 лет Телевизионному отряду краеведов-следопытов», многочисленными благодарственными письмами министерства образования и науки республики, Почетными грамотами управления образования и главы муниципального района «Цумадинский район».

Уроки истории и обществознания – уроки патриотизма. Патимат Магомедовна чувствует на себе ответственность в привитии ученикам таких ценных качеств как: любовь к Родине, уважение обычаев, традиций народов, толерантности. Учитель, ощущая себя человеком мира, держит свою Родину на ладонях, обогревает ее своим дыханием, передает свои чувства детям.

Пусть ещё долгие годы, Патимат Магомедовна, ваша мудрость и душевное тепло радуют тех, кто вас окружает! С Днем учителя вас и ваш коллектив!

**Патимат Муртазалиева**

29 сентября -Всемирный день сердца

# Забота о сердце-вклад в долголетие и полноценную жизнь

Сердце является одним из важнейших органов человеческого тела. Оно имеет собственную «нервную систему», обеспечивает постоянную циркуляцию крови и работу всех органов и систем. Именно поэтому здоровое сердце является залогом активной и полноценной жизни.

Профилактика и диагностика сердечно-сосудистых заболеваний

Профилактика сердечно-сосудистых заболеваний является наиважнейшей составляющей в предотвращении тяжелых последствий. Меры профилактики включают в себя соблюдение здорового образа жизни, диету с ограничением жиров, регулярные спортивные нагрузки, а также обязательные периодические медицинские обследования. Своевременная диагностика позволяет выявить проблемы на ранних стадиях, что значительно увеличивает шансы на успешное лечение.

Признаки проблем сердечно-сосудистой системы: на что следует обратить внимание

Для своевременной диагностики сердечно-сосудистых заболеваний необходимо обращать внимание на такие симптомы как повышенная утомляемость даже при выполнении привычной физической активности, нарастание одышки, сначала при нагрузке, а затем и в состоянии относительного покоя. Также тревожным симптомом является ощущение дискомфорта, стеснения или боли в груди, тахикардия (учащенное сердцебиение), чувство перебоя в работе сердца (аритмия), нарастании отечности ног или живота.

Симптомы сердечно-сосудистых заболеваний

При поражении сердца или коронарных сосудов, возрастают риски развития инфаркта миокарда, а при поражении сосудов головного мозга – возникновение транзиторных ишемических атак (ТИА), ишемического и геморрагического инсульта. В зависимости от типа и локализации поражения симптомы могут варьировать, однако самые распространённые признаки включают частые приступы недомогания: головокружения, реже-обморочные состояния. Могут наблюдаться неприятные ощущения в области сердца, избыточная потливость при обычной температуре окружающей среды, тошнота или рвота, особенно в сочетании с другими симптомами.

Если вы заметили у себя вышеперечисленные признаки или их сочетание, необходимо обратиться к врачу для оценки состояния своей сердечно-сосудистой системы.

Анализы для диагностики сердечно-сосудистых заболеваний

При исследовании состояния сердечно-сосудистой системы, существует определенный комплекс лабораторно-инструментальных исследований, который содержит ключевые анализы, которые могут помочь в диагностике и профилактике сердечно-сосудистых заболеваний.

К таким исследованиям относится:

Биохимический анализ крови

Данный анализ необходим для скрининговой оценки состояния сердечно-сосудистой системы, функции почек, печени, минерального обмена и гормонов щитовидной железы. Также анализ может показывать течение воспалительного процесса, что тоже влияет на развитие заболевания ССС, может приводить к аритмиям и ухудшать состояние здоровья.

Коагулограмма

Позволяет судить о состоянии свертывающей системы крови, которая играет важную роль в гемостазе и может изменяться под воздействием различных эндогенных и экзогенных факторов. Неадекватное функционирование свертывающей системы крови может критически сказываться на состоянии сосудов и сердца, поэтому, наряду с остальными лабораторными исследованиями важно проводить контроль и коагулограммы.

Исследование липидного профиля (концентрации липопротеидов высокой плотности (ЛПВП), липопротеидов низкой плотности (ЛПНП), липопротеидов очень низкой плотности (ЛПОНП), триглицеридов (ТГ) и холестерина в крови.

Анализ на уровень холестерина помогает определить риск развития атеросклероза и других сердечно-сосудистых заболеваний. Высокий уровень ЛПНП и ЛПОНП (плохого холестерина) может привести к образованию бляшек в сосудах, что затрудняет кровообращение, и увеличивает риски возникновения инфаркта и инсульта.

Определение уровня кардиомаркеров.

Кардиомаркеры - это специфические вещества, которые выделяются в кровь при повреждении сердечной мышцы. Измерение их уровня позволяет оценить качество работы сердца и выявить острые состояния, такие как инфаркт миокарда. К основным кардиомаркерам относятся тропонин и креатинкиназа (КФК-МВ), более редко используется определение белка BNP или его фрагмента NT-proBNP.

Микроэлементы, влияющие на работу сердца

В обеспечении работы сердца активное участие принимают множество электролитов, самыми важными из которых являются магний, определяемые вместе калий, натрий, хлор, кальций и железо. Эти минералы играют ключевую роль в поддержании нормального сердечного ритма и функции мышц, и обладают различными свойствами, такими как антиоксидантное, антиаллергическое, противовоспалительное действия, а также играют важную роль в процессах свертываемости крови. При нарушении их концентрации повышаются риски развития различных нарушений сердечного ритма, обменных процессов, а также снижаются свойства защиты структур сердца (кардиопротекции).

Прогноз при запущенных проблемах сердечно-сосудистой системы

Проблемы с сердечно-сосудистой системой, которые не были выявлены своевременно, могут привести к крайне серьезным осложнениям, таким как инфаркт миокарда, инсульт или прогрессирующая сердечная недостаточность. В разы возрастают риски развития артериальной гипертензии, что в последствии может негативно сказываться на работе не только сердца, но и головного мозга, почек. Однако ранняя диагностика и адекватное лечение могут значительно улучшить прогноз и качество жизни пациента.

Регулярные медицинские обследования и анализы - это важный шаг к профилактике сердечно-сосудистых заболеваний. Не забывайте заботиться о своем сердце и проходите обследования вовремя!

**М.Бадрудинов,** врач- кардиолог райбольницы

Спорт

# Гъазил иргадулаб бергьенлъи



Крымалъул Алушта шагьаралда гьал къояз тIоритIана рачлида рагъиялъул рахъалъ Россиялъул Кубокалъе къецал.

Иргадулаб нухалъги гьел къецазда меседил медалалъул бетIергьанчилъун вахъана нилъер ракьцояв КIванадаса Халилов Гъази.

**Шамил Бадрудинов**

Газпром

# Последний день для передачи показаний газового счетчика

Показания необходимо передавать поставщику газа ежемесячно до 25 числа.

Если показания не передаются, то: первые 3 месяца расчёт потреблённого обьема газа ведётся по среднемесячному потреблению; начиная с 4-го месяца начисления производятся по нормативу.

Оплата по нормативу, как правило, влечёт дополнительные расходы. А многозначные суммы в квитанциях нервируют потребителей газа. Виной тому неисполнение абонентом обязательств по передаче показаний счетчика.

Прибор учета газа устанавливается сам потребитель и, порой, забывает, что данные со счетчика нужно ежемесячно сообщать в абонентский пункт по месту жительства, чтобы в будущем не удивляться, как любят говорить «необоснованным» начислениям.

Безусловно, поставщик газа пример к расчету фактические показания счетчика, но для этого, чтобы возобновить начисления по показаниям счётчика, абоненту необходимо вызвать сотрудника газовой компании для снятия контрольных показаний счетчика письменным заявлением. Контролер газового хозяйства придет и составит акт о целостности газового счётчика, о наличии пломб поставщика газа и отсутствии вмешательства в счётный механизм, и составит акт, где укажет последние фактические показания, по которым, после всех проверок, произведут перерасчет.

Но всего этого можно избежать, если передавать показания счетчика ежемесячно любым удобным способом, например онлайн, через «Личный кабинет абонента» на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» www.mkala-mrg.ru, а также в мобильных приложениях на платформе Android – «Мой ГАЗ»; на платформе iOS - «Газ-Онлайн» или при посещении абонентских служб по месту жительства.

Многие передают показания через контролеров газового хозяйства своего участка, и это тоже удобный быстрый способ избежать нормативных начислений. В преддверии наступающего осенне-зимнего периода желательно знать своего контролёра газового хозяйства.

Задать вопрос о наличии задолженности за газ и узнать подробный алгоритм как разобраться с задолженностью за газ можно по многоканальному номеру «Контакт-центра» 8-800-200-98-04.

**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго райадминистрациялъул спорталъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировасда гьесул эмен

**Зиявдин**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.

Райбольницаялъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Асмавулада гьесул вац

**ХIайдар**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Къадилова ПатIиматида гьелъул рос

**ХIайдар**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги. хъизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе иманияб сабру кьеги.

Райэлектросбыталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго ГIабдурахIимил вас ХIайдар къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда ва гIагарлъиялда. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.

**Утерянный аттестат об основном общем образовании серии 0051800 за №1217735, выданный Агвалинской средней школой Цумадинского района 29.06. 2016 года на имя Магомедовой Жавзан Магомедовны, считать недействительным.**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул

«ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1018

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгояъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.